

*Lwa federal 2015 ki rele tout timoun reyisi(federal Every Student Succeeds Act) kenbe kritè ki mande pou elèv ki nan klas 3yèm-8yèm ane pran egzamen yon fwa pa ane nan Konpozisyon anglè(English Language Arts, ELA) ak Matematik. Yo fè egzamen yo pou mezire kòman elèv yo metrize nòm aprantisaj ki gide enstriksyon salklas la epi asire elèv yo sou chemen pou gradye nan lekòl segondè avèk kapasite pou panse kritik, rezoud pwoblèm ak fè rezònman yo bezwen pou reyisi nan kolèj ak nan mache travay mond lan.*

### **Kilè egzamen eta yo ap fèt pou klas 3yèm rive 8yèm ane?**

Egzamen ELA: 11-12 avril 2018

Egzamen ratrapaj ELA: 13 avril ak 18 avril.

Egzamen Matematik: 1ye-2 me 2018

Egzamen ratrapaj Matematik: 3- 4 me ak 7-9 me.

W ap jwenn yon orè konplè pou egzamen yo nan [kalandriye](#) lekòl ki sou entènèt la.

### **Poukisa egzamen eta a enpòtan?**

Egzamen eta yo se yon eleman enpòtan nan pwogram edikasyon debaz yon elèv. Elèv ak fanmi benefisye lè:

- Yo resevwa enfòmasyon detaye sou pèfòmans elèv nan egzamen ki adapte ak nòm yo ta dwe atenn nan kourikoulòm yo.
- lekòl yo gen mezi pou detèmine si chak elèv gen menm baz pou prepare yo pou kolèj, karyè ak lavi.
- Lekòl yo gen done pou detèmine ki elèv oswa gwoup elèv k ap pwogrese, ki anreta epi ki bezwen sip, ki depase nòm yo epi ki kote yo ka bezwen èd anplis.

### **Kòman presyon pran tès la diminye parapò ak repons sou enkyetid piblik la?**

Kòm repons ak enkyetid piblik la, Depatman edikasyon Eta Nouyòk(New York State Education Department, NYSED) fè yon kantite chanjman nan egzamen klas 3yèm rive 8yèm ane, tankou:

- Bay tan ki pa limite pou egzamen
- Redui kantite kesyon nan egzamen yo
- Diminye kantite sesyon egzamen soti nan twa jou pou mete l nan de jou pou ELA ak Matematik epi pi devan redui kantite kesyon yo.
- Entegre pwofesè NYC yo nan preparasyon kesyon egzamen yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tip kesyon nan egzamen yo, gade [gid sa yo nan angaje NY](#).

Yo pa itilize rezilta egzamen kòm sèl oswa prensipal mezi pou chanje klas oswa pou pran desizyon sou admisyon. Pandan tout ane a, lekòl yo evalye elèv pou wè ki pwogrè y ap fè pou yo rive atenn nòm aprantisaj debaz Common Core la. Yo evalye elèv yo ak plizyè mezi ki gen ladan nòt klas, kanè, modèl disètasyon elèv, pwojè, devwa, lòt travay elèv ki baze sou pèfòmans ak lòt ankò, ansanm ak nòt egzamen ofisyèl . Yo ka konsidere nòt egzamen eta yo, men yo pa ka sèvi kòm premye faktè ni faktè prensipal nan desizyon pou chanje nivo klas. Yo pa kapab penalize yon elèv ni fè l double yon klas sèlman paske li pat pran yon egzamen eta.

Pou plis enfòmasyon sou règleman pou chanje nivo klas, ladan kritè pou elèv ELL ak elèv ki gen IEP chanje nivo klas, gade [“Kisa pou nou atann: Chanje klas ak lekòl ete.”](#)<sup>1</sup>

Anplis, kèk lekòl presegondè ak lekòl segondè gen pwogram ki evalye dosye akademik ki itilize rezilta egzamen eta a kòm youn nan divès kritè pou admisyon, jan yo dekri l la nan [Anyè lekòlpresegondè](#) ak [Anyè lekòl segondè](#)<sup>23</sup> a. Elèv ki pa gen rezilta egzamen eta a elijib pou yo aplike nan pwogram sa yo, epi lekòl yo anchaj pou yo devlope règleman sou kòman pou yo pran an kont rezilta egzamen ki manke sa yo nan desizyon admisyon. Tanpri kontakte lekòl yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon sou règleman endividyèl yo; si ou gen difikilte pou jwenn règleman pou admisyon nan yon lekòl, tanpri kontakte [Kòdonatè Lidèchip pou fanmi lekòl la](#).

**Mwen enkyete pwofesè pitit mwen an ap anseye pou egzamen an. Èske yo ka penalize pwofesè pitit mwen an dapre rezilta nòt egzamen yo?**

Non. Eta reponn enkyetid sou rezilta egzamen ofisyèl yo itilize pou evalyasyon pwofesè ak direktè. Dapre lwa eta a, yo p ap konsidere rannman elèv nan egzamen ELA ak matematik pou klas 3yèm-8yèm ane nan evalyasyon pèfòmans pwofesyonèl anyèl pwofesè ak direktè. Bon jan enstriksyon se toujou pi bon preparasyon pou nenpòt evalaysyon.

**Konbyen tan yo bay yon elèv pou fini egzamen eta a?**

Pa gen limit tan.

Elèv yo ka travay nan pwòp vitès yo pou yo ka montre pi byen sa yo konnen, epi yo gen otan lè yo bezwen depi se travay y ap travay pou bay rannman.

**Kisa yo elèv ta dwe fè pou li prepare pou egzamen an?**

Ede pitit ou a byen dòmi lavèy egzamen an; repo enpòtan.

Nan maten, ankouraje pitit ou a pou pran dejene swa lakay li swa nan lekòl la. Manje maten ede elèv rete avèk enèji pandan tout jounen egzamen an. Di pitit ou a ou kwè nan kapasite li.

**Èske gen yon dispozisyon pou paran mande dispans pou pitit yo pa pran egzamen eta yo oswa mande yon lòt evalyasyon ?**

Eksepte nan kèk domèn kote yo egzije konsantman paran, tankou nan evalyasyon Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education (CSE)* pou elèv ki gen andikap and nan kèk sondaj ak etid presi gouvènman federal finanse dapre Amannman Pwoteksyon federal Dwa elèv, pa gen okenn dispozisyon nan

<sup>1</sup> <http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/64DAAB5A-BED4-4F9C-B9ED-396D6D87FC25/0/Acpolicypromoforfamilies.pdf>

<sup>2</sup> <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Middle/Resources/default.htm>

<sup>3</sup> <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High/Resources/default.htm>

Lwa oswa règleman Eta a ki pèmèt paran mande dispans pou pitit yo pa pran Egzamen eta yo oswa pou mande yon lòt evalyasyon. Si paran vle pou pitit yo pa pran egzamen leta yo, se pou yo pale avèk direktè lekòl pitit yo a. Si apre paran yo fin pale avèk direktè a yo toujou vle pou pitit yo pa pran egzamen an, direktè a sipoze respekte desizyon paran yo epi fè yo konnen lekòl la ap fè tout sa li kapab pou bay elèv la yon lòt aktivite pedagogik (paegzanp lekti) pandan lè egzamen an. Paran an ak direktè a dwe kenbe yon dosye alekri sou konvèsasyon sa a.

### **kilè paran pral konnen kòman pitit yo te travay nan egzamen yo?**

Depi lontan Eta Nouyòk toujou nòt egzamen yo pandan ete a.

Depi Eta fin bay rezilta yo, paran ka gade nòt pitit yo nan [Kont lekòl NYC yo](#). Eta a distribye tou rapò endividyèl chak elèv ki bay enfòmasyon detaye sou pèfòmans. Fanmi kapab kontakte pwofèsè lekòl pitit yo pou pale sou rezilta egzamen eta yo ak sou pwosesis akademik yo.

Paran kapab wè pòsyon nan egzamen pitit yo apre timoun lan fin pran egzamen an? Paran ka kontakte lekòl pitit yo pou yo mande gade repons pitit yo bay nan liv 2 ELA ak nan liv 2 Matematik.

### **Kisa k ap pase si yon elèv pa pran yon egzamen eta a?**

Li enpòtan pou bay egzamen yo priyorite. Tanpri fè toutsa ou kapab pou sipòte pitit ou a epi pou asire li ale lekòl lè y ap bay egzamen sa yo.

Si yon elèv absan, lekòl la ap ba elèv la egzamen an pandan peryòd egzamen ratrapaj la. Si yon elèv absan tou pandan peryòd ratrapaj la, yo p ap ba elèv la lòt chans pou pran egzamen an.

Elèv ki pa patisipe pa p resevwa nòt. Elèv ki reponn yonn oswa plizyè kesyon nan nenpòt pati egzamen an, y ap konsidere l kòm yon elèv ki pran egzamen an epi l ap resevwa yon nòt.

dapre règleman Eta a ak fedral sou responsalite, NYSED evalye ak idantifye tanzatan lekòl dapre pèfòmans yo. Anjeneral, lè w rate egzamen anpil, sa ka ogmante ris pou yo idantifye yon lekòl kòm lekòl ki pa p pèfòme byen. Lekòl ki pi mal pèfòme yo DOE oswa Eta a ka mande yo fè plis efò pou yo amelyore. Anplis, lekòl ki gen mwens pase 95% patisipasyon nan egzamen ofisyèl, y ap egzije yo pou fè yon plan pou amelyore patisipasyon yo nan egzamen ofisyèl yo.

Nan ane avan yo, lekòl ki te resevwa prim (Reward designation) nan men Eta a pou gwo reyalizasyon oswa gwo amelyorasyon te kalifye pou resevwa \$50,000 pou yo ka ranfòse meyè metòd lekòl yo itilize (paegzanp, achte materyèl anplis pou ansèyman Matematik nan klas). Pou lekòl yo ka elijib pou resevwa prim anplis sa a, yo te bezwen gen omwen 95% elèv ki patisipe nan egzamen ofisyèl yo.